

**ADIL ING DALEM SIKAP & BIJAKSANA ING DALEM TUMINDAK**  
**Dening : Azizah Herawati (PAIF Kabupaten Magelang)**

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي جَعَلَ الْإِسْلَامَ رَحْمَةً لِّلْعَالَمِينَ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْمَالِكُ  
الْحَقُّ الْمُبِينُ. وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ صَادِقُ الْوَعْدِ الْأَمِينِ. صَلَاةٌ  
وَسَلَامًا عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ. آمَنَّا بِعَبَادَةِ اللَّهِ.  
أَوْصِيَكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

**Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,**

Mboten Wonten Kalimah engkang pantes kita unjuk'aken wonten ngarso dalem Allah swt saklintonipun raos syukur atas sedoyo nikmat, kalebet nikmat sehat soho kesempatan. Sumonggo sami kita syukuri kanti ningkataken keimanan soho ketaatan, sahingga nikmat dados berlipat.

Shalawat soho salam Allah mugu-mugi tansah kunjuk wonten ngarso rasul junjungan kita, Nabi Muhammad saw, suri teladan terbaik, engkang mbeto risalah kedamaian bagi seluruh alam. Sumonggo kita tingkat'aken ketakwaan kita dateng Allah kanti sakbenar-benar-ipun takwa, kanti pangajab mugu-mugi kita kagolongken dating kawulo-kawulanipun engkang dipun trisnani soho pikantuk jaminan keselamatan wonten ing dunia ngantos akhirat mbinjang. Amin.

**Jamaah Jum'at rahimakumullah**

Nabi Muhammad saw dipun utus wonten ing bumi meniko supados dados rahmat dating sedoyo alam. Sahingga kebahagiaan soho kesejahteraan estu-estu dipun raosaken dening penghuni semesta melalui kehadirannipun kanti ngasto ajaran Islam. Kados dawuhipun Allah wonten ing Al-Qur'an surat Al-Anbiya' ayat 107:

وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا رَحْمَةً لِّلْعَالَمِينَ

"*Lan Ingsun (Allah) ora ngutus sira (Muhammad) kejobo supoyo dadi rahmat kanggo sekabehane alam.*"

Minongko umat soho penderek'ipun Nabi Muhammad saw, tiyang muslim kedah bersikap moderat, seimbang ing antawisipun ekstrem lan liberal. Menawi wonten tiyang engkang ngaku moderat, ananging asering tumindak kasar ingdalem beragama, saget dipun paste'ake bilih meniko sanes ajaran Islam, ananging perilaku engkang engatasmakan Islam.

Naliko kita ngendikan moderasi beragama, kita dipun emutaken dateng salah sutunggalipun ayat Al-Qur'an engkang kaleres tepat wonten ing tengah-tengah surat Al-Baqarah nuninggih ayat 143. Ayat meniko ngajaraken penting-ipun tiyang muslim nyonto/nuladani Nabi Muhammad saw minongko muslim engkang iman, ngamal salih berlaku adil dalam berpikir dan bertindak.

وَكَذَلِكَ جَعَلْنَاكُمْ أُمَّةً وَسَطًا لِتَكُونُوا شُهَدَاءَ عَلَى النَّاسِ وَيَكُونَ الرَّسُولُ  
عَلَيْكُمْ شَهِيدًا ..

"*Lan kang koyo mengkono ik, kita wus ndadek'ke sira (umat Islam), umat kang adil supoyo siro kabeh dadi saksi (penggawehane) manungsa lan supoyo Rasul (Muhammad) dadi saksi ingatase (penggawehan) siro kabeh ....*"

**Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,**

Istilah *wasathan* wonten ing ayat meniko dining para ulama salah setunggalipun Quraish Shihab wonten kitab tafsiripun Al-Misbah dipun artosake minongko perilaku adil engkang kedah dimiliki tiyang muslim. Piyambak'ipun mboten ekstrem dalam beragama, kosokwangsulipun ugi mboten liberal anggenipun memahami soho mraktekaken agami. KH Said Agil Siraj nafsiraken *Wasatan* meniko umat moderat. Nuninggih, Islam mentingake esensi/ isi/ wosipun agami, mboten sekedar cover utawi simbol-simbol.

Jamaah Jum'at yang dirahmati Allah,

Makna umum Adil nuninggih وَضَعُ الشَّيْءِ فِي مَحَلِّهِ "ndokokno perkoro ono ing panggonane". Artosipun bilih setiap diri dipun tuntutan supados ngelaksanaaken perkawis sesuai kalayan ukuran/ proporsi. Prilaku adil sminongko dados konsep dasar saking moderasi beragama, keranten moderasi beragama inggih meniko proses memahami dalah ngamalaken ajaran agami kanti adil lan seimbang, supados terhindar saking perilaku ekstrem atawi leluwihan ingdalem beragama. Adidasar pemaknaan kasebat adil nggadahi 2 (kalih) makna yakni:

**Pertama,** Mboten Condong dateng salah setunggalipun pilihan. Sikap adil kanti makna meniko terbukti saget meminimalisir perilaku zalim keranten kecenderungan dateng salah setunggalipun golongan. Allah swt merintahaken supados berlaku adil wonten ing surat Al-Maidah 8:

وَلَا يَجْرِمَنَّكُمْ شَنَاٰنُ قَوْمٍ عَلَىٰ ۤالْآتَعْدِلُوا، ۤإِعْدِلُوا، هُوَ أَقْرَبُ لِلتَّقْوَىٰ

".....lan ojo pisan-pisan anggonmu geting (sengit) marang suwiji kaum, ndorong sliramu kabeh tumindak ora adil. Podo tumindak'o kang adil, keronu (adil) iku luwih parek maring takwa..."

**Ongko Kalih,** menghindari sikap ingkang dianggap berlebihan. Sikap menikolah engkang asering mrasuk wonten sebagian tiyang utawi kelompok, sahingga asering nganggep awake lan kelompok'e kang paling bener, sanese salah. Mboten segan nganggep kelompok lintu bid'ah, bahkan kafir. Rasulullah saw kanti tegas nglarang kita luluwihan ingdalem beragama. Wonten ing hadits :

وَإِيَّاكُمْ وَالْغُلُوْفِي الدِّينِ فَإِنَّمَا أَهْلَكَ مَنْ كَانَ قَبْلَكُمْ الْغُلُوْفِي الدِّينِ

"Podo ngadoho siro kabeh songko leluwihan ono ing sakjruning agomo. Saktemene luluwihan ing dalem agomo iku wus mbinasa'ake wong-wong sak durunge sira kabeh."(HR An-Nasai)

**Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,**

Mekatenlah, khotbah engkang saget kulo aturaken . mugimugi kita tansah dipun bimbing Allah supados saget tansah berlaku adil ingdalem sikap lan bijaksana ingdalem tumindak. Sahingga kenyamanan lan ketentraman wonten ing tengah-tengah kehidupan berbangsa dan bernegara saget tercipta kados engkang kita kajengaken sesarengan. Nuninggih Negeri engkang damai, aman lan tenteremwonten ing naungan, ampunan Sang Maha Cinta, Allah subhanahu wa ta'ala. *Baldatun tayyibatun wa rabbun gafur. Amin ya rabbal 'alamin.*

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ، فَاسْتَغْفِرُوهُ، إِنَّهُ هُوَ الْعَفْوُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH KEDUA

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ وَالْعَاقِبَةُ لِلْمُتَّقِينَ وَلَا عُدْوَانَ إِلَّا عَلَى الظَّالِمِينَ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ | اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ يَا قَاضِيَ الْحَاجَاتِ. رَبَّنَا لَا تُرْغِ قُلُوبَنَا بَعْدَ إِذْ هَدَيْتَنَا وَهَبْ لَنَا مِنْ لَدُنْكَ رَحْمَةً إِنَّكَ أَنْتَ الْوَهَّابُ. رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا فُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.